



BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi dina ieu panalungtikan nyaéta Kampung Jémo, Désa Nagrak, Kecamatan Buahdua, nu pernahna di Kabupaten Sumedang.

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan


Sumber dina ieu panalungtikan nyaéta masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak Buahdua Kabupaten Sumedang, anu jumlah kabéhna aya 150 kapala kulawarga, 7 RT jeung 1 RW. Masarakat nu dijadikeun respondén kabéhna aya 35 urang, anu ngawengku 5 urang lalaki jeung 30 urang awéwé. Masarakat nu dijadikeun responden pikeun diwawancara aya 21 urang, sedengkeun nu direkam sadaprékan aya 14 urang. Data panalungtikan mangrupa rekaman wawancara jeung rekaman sadaprékan, ngeunaan omongan/komunikasi masarakat.

3.2 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta bagbagan prosés panalungtikan nu mangrupa studi pustaka, ngumpulkeun data, ngolah data jeung satuluyna data dijadikeun eusi panalungtikan.

Sarwono (2006) ngébréhkeun yén desain panalungtikan diibaratkeun peta nu nuduhkeun jalan pikeun nu nulis, anu nangtukeun arah lumangsungna proses panalungtikan, sacara bener sarta luyu jeung tujuan nu geus ditetepkeun. Tanpa desain nu bener nu nulis moal bisa ngalakukeun panalungtikan sacara bener, sabab nu nulis teu boga pedoman arah nu jelas.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1
Bagan Desain Panalungtikan

3.3 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif mangrupa métode anu boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian nu lumangsung dina mangsa kiwari (Sudjana, 2011, kc. 52).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kaweruh tatakrama basa, konteks situasi makéna tatakrama basa, sarta tahapan kecap dina tatakrama basa, nu digunakeun di masarakat kampung Jémo Sumedang.

Panalungtikan déskriptif saukur ngadadarkeun naon nu kasampak atawa kajadian di lapangan. Data nu geus ka kumpul diklasifikasikeun atawa dikelompokkeun dumasar jenis, sifat, atawa kondisi (Arikunto, 2012, kc. 3-4). Sipat panalungtikan déskriptif nya éta ngajelaskeun saayana, sakumaha nu kapanggih di lapangan kalawan medar pasualan nu jadi puseur panalungtikan. Léngkah-léngkah panalungtikan déskriptif nya éta milih jeung ngarumuskeun hiji pasualan, nangtukeun jenis data jeung prosedur ngumpulkeunana, nganalisis data, nyindekeun, jeung nyieun kasimpulan (Sutedi, 2009, kc. 58).

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu métode ngawengku: ngayakeun observasi di lingkungan masarakat ku cara ilu biung dina pajemuhan atawa pakumpulan, pikeun meunangkeun hasil rekaman sadaprékan; ngayakeun wawancara jeung masarakat ngeunaan kaweruhna kana tatakrama basa; nganalisis data tina hasil observasi jeung wawancara.

3.4 Wangenan Operasional

Dumasar kana pedaran panalungtikan anu sipatna leuwih tioritis, sarta sangkan aya gambaran tina ieu panalungtikan, ieu dihadap dijétrékeun wangenan operasional tina judul ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Tatakrama basa Sunda nyaéta tata-titi, tindak-tanduk, cara-cara ngahormat batur. Ku kituna, tatakrama basa Sunda mangrupa tindak-tanduk atawa cara ngahormat batur, ngaliwatan basa nu dikedalkeun ku omongan (R.A. Danadibrata, 2006, kc. 366). Ari ceuk kamus basa Sunda (1945) susunan R.Satjadibrata mah (dina Rosidi, 2007, kc. 72). Undak usuk téh: “undak undak kawas usuk (henteu sarua luhurna); teu nyaho di undak usuk; teu nyaho di tatakrama; undak usuk basa Sunda aya lima panta: basa kasar pisan, basa kasar, basa panengah, basa lemes, jeung basa lemes pisan (basa luhur).”

- 2) Komunikasi lisan nyaéta prosés nu dilakukeun ku hiji jalma atawa leuwih, hiji kelompok, organisasi, jeung masarakat. Nyiptakeun sarta ngagunakeun informasi pikeun patali marga manusa dina pakumbuhanna. Komunikasi téh ngawengku: panyatur, pamiarsa, kontak, kode, kontéks, jeung amanat;
- 3) Masarakat nyaéta kelompok manusa nu ngalakukeun hubungan, sipatna kekal, dumasar kana perhatian jeung tujuan babarengan dina waktu nu rélatip lila (Effendi, 2007, kc. 46). Masarakat dina ieu panalungtikan nyaéta masarakat Sunda nu aya di Kampung Jémo Sumedang.

Cindekna, tatakrama basa Sunda nyaéta panta-pantana basa atawa kasopanan dina ngagunakeun basa Sunda, nu sacara umum dibagi jadi tilu ragam basa, ngawengku: ragam basa kasar, lemes, jeung loma, sarta ditujukeun pikeun ngajén ka saluhureun, sahandapeun, atawa sapantaran, nu digunakeun ku masarakat hususna urang Sunda, pikeun komunikasi sacara lisan atawa nyarita ka papada jalma.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto, (2006, kc. 160) instrumén nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung ngéntép seureuh jadi leuwih gampang diolah.

Dina panalungtikan kualitatif, nu nalungtik boga kalungguhan husus salaku nu ngararancang, ngumpulkeun data, nganalisis, nafsirkeun data, sarta ngalaporkeun hasil panalungtikan (Moleong, 2010, kc. 168). Ku kituna nu nalungtik jadi instrumen konci dina ieu panalungtikan. Nu nalungtik kudu boga peran aktif sacara langsung di lapangan.

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas anu dipaké dina prosés panalungtikan. Sangkan leuwih jembar, urang pedar ngeunaan instrumén anu ngadukung ieu panalungtikan, dina ieu pedaran di handap:

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah, nyaéta téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung analisis data. Sangkan leuwih jéntré, titénan ieu pedaran di handap.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data, nyaéta téhnik obsérvasi. Téhnik obsérvasi dipaké lamun panalungtik rék niténan paripolah panyatur dina makéna basa. Ieu téhnik dipaké ku cara niténan makéna basa panyatur, boh dirékam boh dicatet (Sudaryat, 2000, kc. 31). Obsérvasi dilakukeun ku cara ngarékam sora jeung poto gambar, digunakeunna nya éta sistematis ngagunakeun pedoman obsérvasi salaku instrumen panalungtikan.

Lian ti éta panulis ogé ngagunakeun téhnik wawancara. Wawancara mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara ngalakukeun komunikasi jeung narasumber. Dilakukeun ku cara méré patalékan ngenaan hal naon nu bakal dipaluruh dina panalungtikan. Pedoman wawancara nu bakal dilakukeun nya éta pedoman wawancara henteu terstruktur, nya éta saukur gurat badag tina hal naon nu bakal ditanyakeun. Di dieu dibutuhkeun kreatifitas, sabab hasil nu bakal ditarima gumantung ka nu ngawawancara. Jawaban ti réspondén bakal dianalisis, dumasar kana tatakrama basa nu dipaké sarta dilarapkeun dina waktu nyarita jeung nu ngawawancara.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina iu panalungtikan nyaéta, téhnik analisis data nu digunakeun pikeun milah jeung milih data anu kapanggih tina hasil obsérvasi jeung wawancara. Sanggeus data dipilih dumasar kana hasil rekaman wawancara jeung hasil rekaman sadaprékan, terus data éta ditranskripsikeun. Tina data nu mangrupa rekaman sacara lisan, ditranskripsikeun ka na wangun tinulis. Transkripsi nu dilakukeun masih ngagunakeun basa asli panyatur. Saterusna dijieu analisis, ngeunaan kana: kaweruh masarakat kana tatakrama basa, konteks situasi makéna tatakrama basa, jeung tahapan kecapna.


Sangkan leuwih jéntré, titenan téhnik ngolah data ieu di handap,;

1) Transkripsi data

Tina data nu mangrupa rekaman sacara lisan, ditranskripsikeun ka na wangun tinulis. Transkripsi nu dilakukeun masih ngagunakeun basa asli panyatur. Hal éta ngagampangkeun panulis pikeun ngelompokeun data, dina ngelompokeun data boga sifat alami. Tahap kahiji, nangtukeun objék; tahap kadua, ngumpulkeun data. Datana dumasar tina hasil rekaman wawancara jeung sadaprékan. Ngarékam mangrupa hiji hal nu penting pikeun meunangkeun data nu valid. Sanggeus kitu data dianalisis atawa diolah.

2) Analisis data

Dina tahap analisis, data diklasifikasikeun dumasar kelompokna. Ieu kagiatan klasifikasi nyoko kana basa nu dipaké panyatur dina komunikasi. Kagiatan nu dilakukeun dina ieu prosés analisis nyaéta: (1) milah tatakrama basa (2) klasifikasi data dumasar pangaweruh, kontéks situasi jeung tahapan kecap, (3) ngalakukeun analisis data.



Tahap pamungkas, tina hasil ngumpulkeun data. Datana baris diolah ku cara:

- Mariksa data nu geus kumpul;
- Ngajén pangaweruh makéna tatakrama basa Sunda;
- Nganalisis tina hasil wawancara, jeung rekaman sadaprékan dina komunikasi lisan masarakat ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan kana wangun narasi; jeung
- Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.